*Ассаламу гIалайкум, кверкабакъайги!*

# ЧIАРАДА

gcharada@mail.ru

ЧАРАДА

ЧIАРАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

№ 13 (7383) РУЗМАН 22 март 2024 сон

12+

РИЩИЯЛ

## Районалда рищиязул лахIзатал

**Байбихьизин тIоцересел гьаракь кьезе рачIараздасан: гьезда гьоркьор рукIана СВОялъул рагъухъабазул умумул, афгъаналъул рагъул гIахьалчагIи, хIалтIул ветераназ ва лъимал гIемерал улбул.**












ХIукуматалъул гьанжесеб хIалги бичIчIун, лъан жигараб гIахьаллъи гьабуна СВОялда ругезул гIагарлъиялъ рищиязда.

Украинаялъул ракьалда рагъулаб тIалаб тIубазабулел гIолохъабазул умумул Шамиль ва Натела ХIусеновал цадахъ щвана Россиялъул президентлъиялде кандидатазда гьоркьоса мустахIикъасе гьаракь рехизе.

КъватIире рахъизе захIмат бугел избирателазги бихьизабуна жидерго гражданияб рахъ загьир гьабизе гьира букIин. Гьезул мурад тIубазабизе рищиязул комиссиялъул членал социалияб хъулухъалъул хIалтIухъабигун цадахъ щвана щивасул рокъоре.

Рищиязул тIоцересел къоязда жигараб гIахьаллъи бихьизабуна чIахIияб гIелалъ. ГIумру гьабун кватIир ругониги, прописка бугелъур гьаракь кьезе гIагараб росулъе рачIаралги рукIана.

ГIемерал соназда ЦРБялъул бетIерав тохтурлъун хIалтIарав, гьанже хIалхьиялда вугев Шарип МухIамадовас абуна жинца рищиял гьоркьор риччаларин, хасго президентасул рищиял тIадеги кIвар цIикIкIарал ругоян.

«ХIукуматалъул бетIерас тIуразарула тIолалго нилъер тIалабал. Бокьилаан гьеб хъулухъалда унго-унголъун ВатIанги бокьулев, жиндирго ишги лъалев, халкъалъул тIалабги гьабулев чи вукIине. Дица гьединав кандидатасе гьаракьги кьуна», – ян тIаде жубана Шарипица.

Бихьизабураб заманалда рекъон, 17 марталда сагIат 20:00 тIубайдал, муниципалитеталъул 32 участкаялъ жидерго хIалтIи кьана. Хал гьабизе таразул рагIиялда, рищиял тIоритIана щибниги квалквал ккечIого. ЧIарадисез бихьизабуна лъикIаб хIасил.

2024 соналъул 15, 16, 17 марталда Россиялъул президентлъиялде гьал рищиял тIоритIизе Дагъистаналда хIалтIана аслияб республикаялъулаб комиссия, 54 ТИК ва 1862 УИК.

Дагъистаналда кандидатазе избирателаз кьурал гьаркьазул рикьи ккана гьадинаб: В.В. Путиние 1425408 гьаракь (92,12%); Н.М. Харитоновасе 79902 гьаракь (95,16%); Л.Э. Слуцкиясе 23681 гьаракь (1,53 %); В.А. Даванковасе 10284 гьаракь (0,66%).

ГIаммаб куцалда 17 марталда тIоритIарал президентасул рищиял ана рахIатаб жамгIиябгун политикияб гIодориччаялда, рищиялъул къануналги цIунун. Рищиял унел къоязда хадубги цониги гIарз щвечIо аслияб комиссиялде. Рищиялъул комиссиялъ ва хIукуматалъул батIи-батIиял идарабазул цадахъаб хIалтIиялъ чIезарурал шартIаздалъун гьеб иш лъикIаб куцалда рагIалде бахинабуна.




БАХIАРЧИЯБ ХЪУЛУХЪ

## Иргадулаб шапакъаталъе мустахIикълъана









Къучраб росулъа ХIусейнов ГIали Шамиловичас СВОялда бахIарчиго хъулухъ гьабулеб буго мобилизация байбихьараб къоялдаса нахъе.

ГIали гьавуна 1995 соналъул 6 апрелалда. Ункъо классги Къучраб лъугIизабун гьев 11-абилеб класс лъугIизегIан цIалана Магъар школалда. Гьелдаса хадув лъугьана ДГУялъул физико-математикияб факультеталде. 2020 соналда жиндиего бокьун ана армиялда хъулухъ гьабизе. 2022 соналъул октябралда мобилизациялъ ахIана Украинаялде СВОялда гIахьаллъи гьабизе.

ЦебегIанго ГIалие кьун букIана Святой Георгил цIаралда бугеб 4-леб даражаялъул орден, гьанже кьуна «БахIарчилъиялъе гIоло» медаль.

Гьарула ГIалиеги цогидал киналго нилъер гIолохъабазеги сахлъи ва хехго рокъоре тIадруссин.

КАДРАБИ

## Баркула Ильясида цIияб хъулухъ



Абакаров Ильяс Маккашарипович гьавуна 1983 соналъул 1 июлалда ЧIарада районалъул ЦIуриб росулъ.

2000 соназда ЦIуриб гьоркьохъеб школаги лъугIизабун Ильяс Россиялъул правовояб академиялда цIалана.

2007-2008 соназда тIубазабуна армиялда хъулухъ.

2010-2016 соназда хIалтIана ЧIарада судалъул тIалабазул тартиб цIунулев приставлъун.

Гьелдаса нахъе 2020 соналде щвезегIан Гъуниб районги цадахъ бачана гьебго хъулухъалда.

2021-2024 соназда хIалтIана Гъуниб ва ЧIарада районазда судебниял приставазул кIудиясул заместительлъун.

2024 соналъул 2 февралалда Ильяс тIамуна Гъуниб ва ЧIарада судебниял приставазул отделалъул начальниклъун.

ЛЪАЙ КЬЕЯЛЪУЛ БУТIАЯЛДА

# ХIалбихьиялъул экзаменал

13 марталда районалда тIобитIана 11-абилеб классазул цIалдохъабазе биологиялъулги обществознаниялъулги хIалбихьиялъулаб ЕГЭ. Гьеб тадбиралъ лъималазе рес кьола жибго экзамен ине бугеб къагIида – сурат лъазе, жидерго лъаялъул даражаялъул хал гьабизе.






Биологиялъулги обществознаниялъулги экзаменал руго цIалдохъабаз жидецаго рищарал. Гьел экзаменал къваригIуна хадубккун гьезул букIине бугеб цIалиялъе. Мисалалъе, биология къваригIуна медицина ва биологиялъул лъай къваригIунел пишабазда.

ХIалбихьиялъул экзаменалда гIахьаллъи гьабуна 25 цIалдохъанас: 13-яз кьуна биология, 12-яз обществознание. Экзаменалъул хIалтIи тIубазе бихьизабун буго 3 сагIат. ХIалтIабазул хал гьабизе бала цо анкь, цинги хIасилал щвезарула умумузухъе.

# ГIурус мацIалъул хIалбихьиялъулаб ОГЭ





Дагъаб цебе ЦIуриб школалъул минаялъуб тIобитIана гIурус мацIалъул ОГЭялъул апробация. Гьеб гьабиялъул мурадги буго ОГЭялъул тIадкъаял гьарулеб къагIида лъималазда лъай. Киналго школаздасан экзаменалда гIахьаллъи гьабуна 9-абилеб классазул 139 цIалдохъанас.

Гьеб тадбиралда гIадлу ва сахлъи цIуниялъе хIадурун чIун рукIана полициялъул ва больницаялъул хIалтIухъаби.

РИЩИЯЗУЛ ХIАСИЛАЛ ВА ХIИСАБ КЬЕЙ

# Совещаниялъул хIалтIудаса



2l-абилеб марталда ЧIарада районалъул бетIерасул заместитель МухIамад ГIумаровасул нухмалъиялда администрациялъул залалда тIобитIана планалда рекъон гьабулеб совещание. Гьениб гIахьаллъи гьабуна росабазул советазул бутIруз ва батIибатIиял идарабазул нухмалъулез.

Жиндирго хитIабалда МухIамад Закариевичас тIоцебесеб иргаялда баркана рищиял лъикIаб къагIидаялда тIоритIи, тIадеги жубана гьеб лъугьа-бахъиналъул обществоялъе бугеб кIвар.



«Президентасул рищиял – пачалихъалъул аслиял рищиял лъугIана. Абизе бегьула, гьел нилъер районалда гIезегIан лъикI анин абун, районалъул халкъалъ бихьизабуна жиндирго цолъи, гражданияб рахъ, халкъияб бичIчIи ва жавабчилъи. Баркала буго Салман Ярбиловасул нухмалъиялда бугеб бакIалъулаб рищиязул комиссиялъе, секретаразе ва жавабчилъи тIад букIарал киназего», – ян бицана МухIамад ГIумаровас.

Рищиязул хабар бицунаго ТИКалъул председатель Салман Ярбиловас цере лъуна

*(Хадусеб 3-аб. гьумералда)*

ТIОЛГОРОССИЯЛЪУЛАБ КОНКУРС

# Живая классика

**11 марталда районалъул тIадеги лъай кьеялъул централъул залалда тIобитIана ТIолгороссиялъулаб конкурс «Живая классика» муниципалияб этап.**





Районалъул киналго школаздаса цIалдохъаби, цереккунго хIадурарал литературиял асараздаса бутIабиги ракIалдаса лъазе гьарун, хIадурун рукIана гьеб тадбиралъе.





Кинабниги конкурсалда гIахьаллъи гьабуна 32 цIалдохъанас 5-10 классазде



щвезегIан, щивасул гьира ва шавкъ букIана жидер гьунар жюриялда бихьизабизе. Узухъда, жюриялъе бигьа букIинчIо бищун лъикIаб церерахьин батIа гьабизе, щивав цIалдохъанасул рукIана гIенеккизе гьира базабулел номерал. ХIасилалда, рагIул гьунаралъе жал мустахIикъал рихьизариялъ, тIолалго гIахьаллъулел хьезаруна грамотабаз.

Конкурсалда рихьизаруна лъабго бергьенлъи щварал гIахьалчагIи: Сафият Дибирова (8 класс, ЦIуриб школа), Мадина ИсмагIилова (9 класс, ЧIарада школа), Асият ХIусейнова (10 класс, Гьилиб школа). Лъималазул хIадурлъиялъулъ, хIакъаб жо буго, мугIалимзабазул кIудияб бутIаги бугеблъи, гьединлъидал бергьарал цIалдохъабазул мугIалимзабазе баркалаялъул кагъталги кьуна.

ИТОГИ ВЫБОРОВ

**Выборы Президента Российской Федерации**
**17 марта 2024 года**

# ПРОТОКОЛ

**территориальной избирательной комиссии об итогах голосования на территории Республика Дагестан, Чародинский район**

| | | |
|---|---|---|
| Число участковых избирательных комиссий на соответствующей территории | | 32 |
| Число поступивших протоколов участковых избирательных комиссий об итогах голосования, на основании которых составлен протокол территориальной избирательной комиссии об итогах голосования | | 32 |
| Число избирательных участков, итоги голосования на которых были признаны недействительными | | 0 |
| Общее число избирателей, включенных в списки избирателей на момент окончания голосования на избирательных участках, итоги голосования на которых были признаны недействительными | | 0 |

После предварительной проверки правильности составления протоколов участковых избирательных комиссий об итогах голосования территориальная избирательная комиссия путем суммирования данных, содержащихся в указанных протоколах участковых избирательных комиссий, **установила:**

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | Число избирателей, включенных в списки избирателей на момент окончания голосования | 0 | 0 | 9 | 0 | 4 | 1 |
| 2 | Число избирательных бюллетеней, полученных участковыми избирательными комиссиями | 0 | 0 | 9 | 1 | 0 | 0 |
| 3 | Число избирательных бюллетеней, выданных избирателям, проголосовавшим досрочно | 0 | 0 | 0 | 0 | 0 | 0 |
| 4 | Число избирательных бюллетеней, выданных участковыми избирательными комиссиями избирателям в помещениях для голосования в день голосования | 0 | 0 | 8 | 2 | 6 | 2 |
| 5 | Число избирательных бюллетеней, выданных избирателям, проголосовавшим вне помещений для голосования в день голосования | 0 | 0 | 0 | 1 | 6 | 0 |
| 6 | Число погашенных избирательных бюллетеней | 0 | 0 | 0 | 6 | 7 | 8 |
| 7 | Число избирательных бюллетеней, содержащихся в переносных ящиках для голосования | 0 | 0 | 0 | 1 | 6 | 0 |
| 8 | Число избирательных бюллетеней, содержащихся в стационарных ящиках для голосования | 0 | 0 | 8 | 2 | 6 | 2 |
| 9 | Число недействительных избирательных бюллетеней | 0 | 0 | 0 | 0 | 3 | 2 |
| 10 | Число действительных избирательных бюллетеней | 0 | 0 | 8 | 3 | 9 | 0 |
| 11 | Число утраченных избирательных бюллетеней | 0 | 0 | 0 | 0 | 0 | 0 |
| 12 | Число избирательных бюллетеней, не учтенных при получении | 0 | 0 | 0 | 0 | 0 | 0 |

| Фамилии, имена, отчества внесенных в избирательный бюллетень зарегистрированных кандидатов | | Число голосов избирателей, поданных за каждого зарегистрированного кандидата | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | абсолютное значение | | | | | | в процентах от числа избирателей, принявших участие в голосовании |
| 13 | Даванков Владислав Андреевич | 0 | 0 | 0 | 0 | 5 | 8 | 0,69 |
| 14 | Путин Владимир Владимирович | 0 | 0 | 7 | 8 | 2 | 8 | 92,95 |
| 15 | Слуцкий Леонид Эдуардович | 0 | 0 | 0 | 0 | 8 | 9 | 1,06 |
| 16 | Харитонов Николай Михайлович | 0 | 0 | 0 | 4 | 1 | 5 | 4,93 |

ХIИНКЪИ ГЬЕЧIОЛЪИ ЦIУНИЯЛЪЕ

# Терроризмалде данде



Терроризмалде данде хIалтIи гьабулеб комиссиялъул протоколалъул хIукмуялда рекъон ЦIуриб росулъ тIоритIана «тIогьилаб» гIурхъи терроризмалъул ккванани гьаризе кколел ишазул хIалбихьиял.

Гьел гьариялъул мурадги букIана терроризмалъул хIинкъи ккванани гьаризе кколел тадбиразул ва кигIан къадар ва гIадамал гьенир гIахьаллъизе кколелали хал гьаби.

Тадбиралъул гIуцIарухъанлъун рукIана районалда терроризмалда данде гIуцIараб комиссия. Гьенир гIахьаллъи гьабуна ОМВДялъулаз, кинологаз, пожарнияб часть, нухлул техникагун РСУ ва хехаб медициналъул кумекалъул машинагун хIалтIухъаби.

ХIалбихьиял рагIалде рахъиндал хIасилал гьарун ва гьезул кIваралъул хIакъалъулъ кIалъана терроризмалъул ва экстремизмалъул идеология нахъчIваялъул отделалъул начальник Асад МухIамадов. Гьесул рагIиялда рекъон хIалбихьиял борхатаб даражаялда анин абизе бегьула.

ОГИБДД ОМВД РОССИИ ПО ЧАРОДИНСКОМУ РАЙОНУ ИНФОРМИРУЕТ:

# Профилактическое мероприятие «Мобильник»

С 22 по 31 марта 2024 года на территории республики проводятся профилактические мероприятия «Мобильник».



Сотрудники Госавтоинспекции будут выявлять водителей, которые отвлекаются на телефон вне зависимости от цели его использования: разговор, написание сообщения или поиск информации. Использование мобильного устройства во время управления транспортным средством отвлекает и может привести к автоаварии.

В соответствии с п. 2.7. ПДД РФ «Водителю запрещается пользоваться во время движения телефоном, не оборудованным техническим устройством, позволяющим вести переговоры без использования рук».

За пользование водителем во время движения транспортного средства телефоном, не оборудованным техническим устройством, позволяющим вести переговоры без использования рук, статьей 12.36.1 КРФоАП предусмотрено административное наказание в виде штрафа в размере 1500 рублей.

Соблюдайте Правила дорожного движения! Будьте внимательны и ответственны за свои действия на дороге.

***Начальник ОМВД России по Чародинскому району М.С. САЛАМОВ***

РИЩИЯЗУЛ ХIАСИЛАЛ ВА ХIИСАБ КЬЕЙ

# Совещаниялъул хIалтIудаса

***(Байбихьи 2-аб. гьумералда)***

рищиязул хIасилал ва районалда рищиязул участкабазде гIадамазул цIикIкIараб къадар щвей. Гьесул рагIиялда районалда рищиял ана щибниги гIарзги гьечIого, рахIатхвейги ккечIого. КъватIисел къуватаз рищиял хвезаризе кигIан жигар бахъаниги, кинабго борхатаб даражаялда ккана, киназего баркалаян абуна Салман Ярбиловас.



«Хасаб баркала кьола ОМВДялъул хIалтIухъабазе, гьезие кумекалъе тIаде щваразе, поселениязул бутIрузе, идарабазул нухмалъулезе цадахъ лъугьун гьабураб хIалтIухъ. Нилъеца бихьизабуна, тIаде ккараб хIалтIи цадахъ ва лъикI нилъеда гьабизе кIолебали», – ян загьир гьабуна гьес.

Районалда бугеб такъсирчилъиялъул хIакъалъулъ бицун цеве вахъана ЧIарада районалда бугеб ГАПиК ОМВДялъул инспектор, жанисеб хъулухъалъул майор Камил Къурбанов.

Районалда буго нормативиял актазда рекъон полициялъул участковияб пункт букIине ккараб, 7 административияб участкаялде бикьараб, 12 росабазул администрация.

«Экстремизм ва терроризмалда дандечIей, такъсирчилъи гьукъиялъул хIалтIул лъикIал хIасилал рукIин бараб буго гьелда хурхарал киналго хъулухъал, жамгIият, рухIиял церехъаби цадахъ



рекъон хIалтIиялда», – ян лъазабуна Камил Къурбановас. Жидер хIалтIул аслияб мурад – гIадамазул рахIат, гIадлу цIуни щвалде щун тIубазабизе, полициялъул хIалтIухъаби кидаго хIадурун ругиланги тIаде жубана.

Совещаниялъул планалда рекъон кIалъазе яхъана ЦIуриб сельсоветалъул бетIер Муслимат МуртазагIалиева. Гьелъ бицана жинда божун бугеб бакIалда лъикIал шартIал ва квегIенлъаби чIезариялъул гьабураб хIалтIул хIасилазул ва рахъарал харжазул.

# Набиев МухIамад Камилович



*МугIалим, гьаб дур захIмат*
*Щиб роценалъ боруцнеб:*
*- ГIумрудул санацайищ,*
*Сабураб гьумералъищ,*
*ХъахIлъараб бетIералъищ,*
*Гьурмалъ рукIкIалабазищ?*
***МухIамад НАБИЕВ***

**Набиев МухIамад Камилович** гьавуна 1950 соналъул 3 марталда ЧIарада районалъул Кьорош росулъ. Гьес лъугIизабуна Дагъистаналъул пачалихъияб университеталъул филологияб факультет (РДО). 45 соналъ хIалтIана батIи-батIиял школазда. МустахIикълъана «Республикаялъул мустахIикъав учитель», «Россиялъул гIаммаб лъай кьеялъул хIурматияв хIалтIухъан» цIаразе. Гьединго МухIамадие щвана А. С. Грибоедовасул медальги. Амма бищунго тIадегIанаб шапакъатлъун гьес рикIкIунаан жиндие халкъалъ, хасго цIалдохъабаз кьолеб къимат.

МухIамад Камилович вукIана жиндирго гIагараб ракьги гIадамалги хирияв гIадатияв магIарулав, унгоунгояв рахьдал мацIги бокьулев, гьеб рокьи жиндирго цIалдохъабазулъ бессулев мугIалим. ГIумруялъул бищун лъикIал сонал гьес тIамуна лъималазе тарбиялъай кьолаго. КIудияб жигарчилъиялда гIемерал соназ хIалтIана жиндирго гIагараб ЧIарада районалъул Кьорош гьоркьохъеб школалда рахьдал мацIалъул мугIалимлъун. ЦIакьго цIикIкIараб кIвар кьолаан гьобол-гьудул къабул гьавиялда тIад. ЦIалдохъаби куцалаан магIарул яхI-намус, гIаданлъи, ВатIан ясберIгIадин цIунизе кколин абун. Гьес санайил тIоритIулаан районалъул масштабалда «Гьоболасул къо», «Гьобол гьечIев чи – чед гьечIеб таргъа», «Умумузул нухги кIочон тоге, инсул гьоболги рехун тоге» абурал тадбирал. Унгоги вачIарав гьобол тIадегIанаб даражаялда къабул гьавизе хIадурго чIезабулаан хьизан-рукъ, гIага-божаралгицин. Жиндирго махсаро-хочI жубараб гьуинаб хаба-чIабаргун хинаб гъасда гIодор рукIун, ургъел чучулаан рачIарал гьалбазул гьес. ХIалхьуда рокъов вугеб заманалъги гIадада чIечIо Камилович. Гьес жиндирго лъималазегун цIалдохъабазе, гIага-божаразе, гьобол-гьудуласе ва тIолго ВатIаналъе ирсалъе тана кIиго «жавгьар» тIехь «Къарал гIурул къатIраби» ва «Умумузул мина – хвел гьечIеб хъала». ГIезегIан захIмалъаби дандчIвана гьесда гIумруялъул нухда, амма лъабго унтараб лъимер, лъидаго хIал лъазе течIого хьихьана хьизан Аминатицагун цадахъ.

*«Нилъеца гIумрудул гIорхъи*
*бахъана,*
*ГIазу бетIералда биуneb*
*гьечIо.*
*ГIумрудул къисматалъ*
*гIемер квелъ бана,*
*Кинго гьелъие нилъ къуркьизе гьечIо»,* - ян хъвалеб буго гьес «ГIумрудул гьудул Аминатиде кочIолъ.

«Ахирисел гIумрудул соназ дару гьечIеб унтуца къвал бана, амма гьелъиеги къуркьичIо «мугIрузул бис». Бусаде ккун кIвекIизегIан чIечIого, рокъосел чIамучI гьаричIого, гьаб хирияб Рамазан моцIалъул рузман сордо щвегун, къанцана берал, щвана къадаралде нижер Камилович киназего хирияв мугIалим. Гьеб ками буго тIолабго районалъего гIахьалаб», - ян бицана росуцояз.

**Гьелда бан Кьорош гьоркьохъеб школалъул коллективалъ ва цIалдохъабаз гьваридаб пашманлъиялъул зигара балеб буго хьизан-лъималазда, росужамагIаталда, гьудул-гьалмагъзабазда, гьалбадерида. «Сабругун иман кьеги нилъее гьеб Аллагьасул хIукму къабул гьабизе. «Ахират дунялалдаго загьирлъулин лъикIав чиясул» абухьего, Алжан насиблъун вохизавеги БетIергьанас МухIамад Камилович. Нижер ракIазулъ мун кидаго чIаго вукIина, дур гIумрудул дарсал кIочонги теларо», - ян абуна гьез.**

ГIАКЪЛУЯЛЪУЛ ДАНДЕРИЖИ

# Загъру дур рекIелъ букIана

Цоцазухъ рокьиги ккун данделъанила гIолохъанчиги гIолохъанчIужуги. РакIал жураpaб берцинаб цадахъаб гIумру байбихьанила гьезул.

Амма гьеб къавулъе ячIараб тIоцебесеб къоялдасанго нусалъулги якьадалъулги рагIи данде ккечIила. Гьел кидаго цоцазда тенкелел, къетIелел, дагIба-рагIиялда рукIунаанила.

Цо къоялъ нус анила хурдузул дараби гьарулев чиясухъе.

- Щиб мурадгун ячIарай, берцинай. Дуе вокьулесе мунго йокьизайизе рокьул хералда хадуй ячIун ятила, - ян абунила гьев чияс.

- Гуро, дие дир рос вокьула дирго рухIгIанги, - ян жаваб кьунила гIолохъанай гIаданалъ. – Аммаха гьесул эбел йигоха цо борохь, цо болъон. Гьелъ дида дуниял рихинабун буго.

- Дица щиб гьабизеха дуе бокьараб?

- Гьабе дие кумек. Кье дихье загъру, гьей гIадан хехго цееса инайизе.

- Гьединищха, цIакъай яс, дуе дурго талихI батизе бокьараб?... ЛъикI буго, кьела дица духъе загъру. Щибаб къоялъ рада-радал якьад тIаде яхъарайго гьелъие чай гьабе гьаб ххералъул, - янги абун гьитIинаб квачIа кьунила гьев чияс гьей гIаданалъухъе. Цинги тIадеги жубанила, - Буго дир дуе кьезе цо гIакълуги.

- Кинаб гIакълу? Бице дурго. Гьадай гIадан хехго холеб жоялъе дун сундего нахъе къаларо.

- Нилъер гIемерго кIудияб гьечIеб росулъ гIадамазул цоцазда лъалареб жо букIунаро. Лъалеб батила мадугьалзабазданиги дурги якьадалъулги кинаб гьоркьоблъи бугебалиги, – ян абунила гьев чияс. – Гьединлъидал, дудего щивго щакльичIого вукIине, гьаб жакъа къоялдаса байбихьун, дуца якьадалъулгун гьоркьорлъаби лъикIлъизаре. Гьейгун хIеренго, эбелалъе яс гIадин йикIа. Гьелъ малъарабги мальичIебги гьабун гьей рази гьае. ГIемер мехалъ ккеларебин дуца гьеб гIазаб хIехьезе.

ХIакъикъаталдаги тIуянго хисанила нус якьадалдехун. Гьей тIаде яхьинаде хинабцIияб тIагIамаб квенги гьабун жидедаго цадахъ кваназе ахIулаанила. Рокъоб-къватIиб кинабго хIалтIи, гьелъ квер хъвазе течIого, жинцаго тIубалаанила. Гьабулеб-толеб жоги кидаго гьелда гьикъулаанила. Щибаб къоялъ радалго доб ххералъул чайги кьолаанила гьелъ якьадалъе.

Якьадалъулги нусалдехун балагьи тIубанго хисанила. Жиндирго ясалде гIадаб рокьиги адаб-хIурматги бижанила гьелдехун. Росги цIакъ рази вукIанила эбелалъулги чIужуялъулги циндаго цоцаздехун гьединаб гьуинлъи лъугьиналдаса.

Цо къоялъ дой гIолохъанчIужу чвахулаго магIугун, йорта-хьетун ячIанила хурдузул дараби гьарулев чиясухъе.

- Гьанжеги щиб ккараб? - абун гьикъанила сихIирго гьелъухъги валагьун гьадав чияс.

- Аллагьасе гIоло, лъикIав чи, кье дие гIадамасул чорхолъ загъру чIвалеб дару, - ян абунила сородулеб гьаракьалъ гьей гIаданалъ.

- Дица гIемераб чай гьекъезабуна якьадалъе. Гьей хвезе гурин хIинкъун йиго. Гьей дие гьанже якьад гурей, эбеллъун лъугьана. ЦIакъ лъикIай гIадан йикIун йиго дой.

Дица духъе загъру гуреб, гIадамасул чорхое цIакъ пайдаяб ххер кьун букIана чай гьабизе, – илан абунила гьев чияс. – Загъруйин абуни дур рекIелъ букIана. Гьеб Аллагьасул кумекалдалъун дур рекIелъаги нахъе ана.

***«Гьудуллъи»***

# *Авар кицаби ва абиял*

- БалагьичIого беццав лъаларо, кIалъачIого гIинкъав лъаларо.

- Балай балъго гьабе, бертин тIатун гьабе.

- Балъго бицараб лъадго тIатунебила.

- Балъго рахь босани, тIатун къинлъулебила.

- Балъго рохьдочани, тIатун рахь босулеб.

- Балъгояб тIатIияддаса тIатараб гьуэрго лъикI.

- Балъда нахъа – хIалихьат, хIарччда нахъа – багьадур.

- Бараб ахIулъ гурев, ахIараб болъ гурев.

- Бараб ахIулъги ахIараб болъгийила бихьинчи лъалев.

- Бараб лълъар борхуларес ккараб кьоги борхулареб.

- Баракат гьечIеб даранги девлет гьечIеб ригьинги.

- Баракат лъуни, цоги гIемераб, лъечIони, нусгоги дагьаб.

- Барахщарасул боцIи сахаватас кваналеб.

- Барахщарасул къайи къавул гьойца кваналебила.

- Барахщарасул – чияе, чехь квешасул – жиндиего.

- Баргъичал рокьила – мун вокьиларо, кьураб жо босила – мун восиларо. *(Кицилъун лъугьарал гьал рагIаби абун руго херав гIарцул къебедасе йокьарай гIолохъанай ясалъ. МагIарулаз гьаб кици хIалтIизабула вас махсараде кколей ясалъул, махсараде ккун дурц кваналей якьадалъул, рекIелъ рокьи гьечIев жиндиего жо цIакъ бокьулев гьудул-гьалмагъасул, вац-васасул хIакъалъулъ.)*

- Баркала гьечIеб кечI – кири гьечIеб лаила.

- Баркат гьечIеб боцIудасаги цIунаги, гьуинлъи гьечIеб ригьнадасаги цIунаги.

- Баркат гьечIеб боцIиялдасан баркат бахунареб.

- Бартигун хIур чIикIи лъикI, хIамагун кIалцIи квинегIан.

- Бархъалисес хъабида гIоркь бокьаралъуб гьолеб.

- Барщараб мехалъ пихьги жибго бортулеб, гIураб мехалъ васас чIужу ячеян чагъанаги жинцаго хьвалеб.

- Барщараб пихьалъе дару – кванай.

- Барщарал рекъолел, къварилъи ккейгун.

- Барщарасе кьей гьечIеб, кьижарасе тей гьечIеб.

**ЧIАРАДА**
БетIерай редактор МухIамадова Земфира Жамалудиновна
Жавабияв секретарь Къасум Чахиев
ГьитIинай редактор Манарша Расулова
Корреспондент ПатIимат АхIмадова
Редактор-стилист Аминат ГIабдурахIманова
Набор - Ирайсат МухIамадгIалиева

**Газета гIуцIарал: «ЧIарада район» муниципалияб гIуцIиялъул администрация**
**Учредитель: Администрация муниципального образования «Чародинский район»**

**Газета къватIибе биччана «Лотос» ОООялъул типографиялда Адрес: 367000, МахIачхъала, Петр 1 проспект, 61.**
**Заказ №____**

**Газета къватIибе биччазе байбихьана 1937 соналъ. Редакциялъул ва издательствоялъул адрес: 368450, ДР ЧIарада район, ЦIуриб росу, имам Шамилил къватI, 1 Тираж 1000**

**Макъалабазда рихьизарурал хIужжабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул авторaз**

**Газета «Чарада» зарегистрирована Южным межрегиональным территориальным управлением МПТР РФ 29 октября 2002 г. Регистрационный номер ПИ № 10 - 4666**

ИНДЕКС: 513 79. Багьа 7 гъур. Печаталъе гъулбасана 16:00с. Гъулбасана 15:30 с.

*«Кинавго чи разилъиледухъ асар хъван лъихъаниги бажаруларо» - Ж.Сервантес*